

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun nganalisis struktur puisi jeung ciri romantisme dina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi. Data panalungtikan nyaéta sakabéh rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi anu jumlahna aya salapan. Judul-judul mamaosna nyaéta “Ceurik Rahayat”, “Basa Cicirén Bangsa”, “Kates”, “Tunggul Kawung”, “Papatet”, “Kinanti Layar”, “Kidung Kinanti”, “Gupay Kamelang”, jeung “Kidung Kamelang”. Tina salapan mamaos anu ditalungtik larasna nyaéta pélog, madenda, jeung saléndro.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis kalayan pamarekan kualitatif. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data. Téhnik ngumpulkeun data ngagunakeun téhnik studi pustaka. Anapon téhnik ngolah data ngagunakeun téhnik analisis dumasar kana ulikan struktural puisi anu ngawengku struktur lahir konsép Alton C. Morris nu ngawengku diksi (*diction*), imaji (*imagery*), kecap kongkrit (*the concrete word*), gaya basa (*figurative language*), jeung purwakanti. Ogé struktur batin konsép I.A. Richard nu ngawengku téma atawa ma'na (*sense*), rasa (*feeling*), nada (*tone*), jeung amanat (*intention*). Satuluyna, pikeun ngolah data ajén romantik ngagunakeun téhnik analisis dumasar pamadegan Noyes (dina Hadimadja, 1972, kc. 102) anu ngawengku ciri balik deui ka alam, mélanolis, primitivisme, séntiméntalisme, individualisme, jeung éksotisme.

Struktur lahir puisi anu aya dina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi kawilang lengkep tur variatif. Ieu hal lantaran struktur lahirna mibanda kajembaran boh dina diksi, imaji, kecap kongkrit, gaya basa, jeung purwakanti anu nganteb dina unggal rumpakana. Struktur lahir anu kapaluruh nyaéta: 1) diksi nu kapaluruh aya 23 kalimah; 2) imaji nu kapaluruh ayana kecap-kecap nu réréana dina imaji taktil, imaji visual, imaji auditif, jeung imaji kinéstétik; 3) kecap kongkrit nu kapaluruh aya 30 kecap; 4) gaya basa nu kapaluruh, nyaéta gaya basa mijalma, gaya basa ngupamakeun, jeung gaya basa ngasor; 5) purwakanti nu kapaluruh aya purwakanti

pangluyu, purwakanti maduswara, purwakansi, cakraswara, purwakanti laraspurwa, jeung purwakanti laraswekas.

Anapon struktur batin anu kapaluruh dina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi nyaéta: 1) téma, anu ngawengku perang, basa téh cicirén bangsa, ngawaris tembang ka anak incu, kamelang kana tradisi, papatah kolot ka budakna, katresna, kanyaah kolot ka budakna, jeung sanduk-sanduk; 2) rasa nu kapaluruh, nyaéta rasa sedih, kamelang, sono, kanyaah, nalangsa, jeung bagja; 3) nada nu kapaluruh, nyaéta nyindiran, lugas, jeung mapatahan; 4) amanat anu réa kapanggih téh nyaéta mangrupa papatah jeung wejangan anu penting pisan pikeun kahirupan manusa tur kamekaran budaya Sunda.

Ciri romantisme anu nyangkaruk dina rumpaka mamaos karya Tatang Setiadi nyaéta ciri mélankolis, primitivisme, séntiméntalisme, individualisme, jeung éksotisme. Ciri mélankolis nyampak dina mamaos “Ceurik Rahayat”. Ciri primitivisme nyampak dina mamaos “Kidung Kinanti” jeung “Kidung Kamelang”. Ciri séntiméntalisme nyampak dina mamaos “Kates” jeung “Gupay Kamelang”. Ciri individualisme nyampak dina mamaos “Papatet”, “Tunggul Kawung”, jeung “Kidung Kamelang”. Sarta ciri éksotisme nyampak dina mamaos “Basa Cicirén Bangsa”, “Kinanti Layar”, jeung “Gupay Kamelang”.

Jadi sabada dipaluruh jeung dianalisis, bisa dicindekkeun yén ieu panalungtikan téh miboga struktur puisi anu katitén variatif jeung silih patali antar unsurna. Satuluyna dina perkara romantisme, Tatang Setiadi dina nyanggi rumpaka mamaos ngébréhkeun ajén kaéndahan ku émosi-émosi nu ngeuyeuban unggal rumpakana.

## 5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil panalungtikan anu geus dilakukeun, ieu panalungtikan téh miboga implikasi dina sababaraha widang paélmuan, nyaéta widang kasusastraan jeung widang kasenian. Satuluyna, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh pamaca dina maham struktur puisi jeung romantisme sastra. Onjoyna, dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi salasihiji sumber diajar boh formal boh informal, hususna dina widang puisi jeung tembang Sunda.

Pikeun sumber diajar formal, dipiharep ieu panalungtikan bisa digunakeun pikeun bahan bacaan di sakola anu bisa ngadeudeulan matéri perkara tembang

Sunda. Kitu deui pikeun sumber diajar informal, ieu panalungtikan bisa jadi salasihiji bahan bacaan anu bisa méré saeutikna informasi perkara tembang Sunda, hususna seni mamaos.

### **5.3 Rékoméndasi**

Dina ieu panalungtikan tangtu miboga kaonjoyan jeung kahéngkérán. Sanajan kitu ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh kana salasihiji karya sastra hususna dina rumpaka mamaos. Dumasar kana hasil analisis jeung kacindekan anu geus dipedar, aya dua rékoméndasi nu patali jeung ieu panalungtikan ditujukeun pikeun panalungtik jeung masarakat umum.

Pikeun panalungtik, dipiharep satuluyna bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan minangka hiji tatapakan nu leuwih jembar sangkan kasusastraan Sunda leuwih dipikawanoh ku masarakat.

Pikeun masarakat, dipiharep panalungtian ngeunaan Rumpaka Mamaos Karya Tatang Setiadi (Ulikan Struktural jeung Romantisme) bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan kasusastraan jeung kasenian Sunda. Hususna dina sastra puisi jeung tembang.